

**AVI SOU DWA LEGAL AK REKOU  
JIRIDIK POU VIKTIM VYOLANS  
DOMESTIK, VYOLANS NAN  
RELASYON, REPETISYON  
VYOLANS, VYOLANS  
SEKSYÈL, ASÈLMAN**



**SÈVIS POLIS  
BOCA RATON**

**100 N.W. BOCA RATON BOULEVARD  
BOCA RATON, FLORIDA 33432**

**SÈVIS POLIS KI PA IJAN  
(561) 368-6201**

**DEFANSÈ VIKTIM  
(561) 338-1317**

Selon lwa Eta Florid la § 741.29- "SI W SE VIKTIM VYOLANS DOMESTIK, ou ka mande avoka eta a pou depoze yon plent kriminèl. Ou gen dwa tou ale nan tribinal epi depoze yon plent pou mande yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans domestik ki ka enkli, men li pa bezwen limite, dispozisyon ki anpeche moun kap fè mal la kontinye fè mal; mande agresè a pou l kite kay ou; anpeche moun kap maltrete w rantre nan kay ou, nan lekòl ou, nan biznis ou, oswa kote w ap travay; gad pitit ou ki minè; epi mande agresè a peye sipò pou ou ak pou timoun minè yo si agresè a gen yon obligasyon legal pou l fè sa."

## **KI SA VYOLANS DOMESTIK YE?**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 741.28 Lwa Eta Florid yo, vyolans domestik vle di nenpòt ki agresyon, bat moun ak blese grav, agresyon seksyèl, blesi seksyèl, asèlman, asèlman grav, kidnapin, fo prizon, oswa nenpòt ki zak kriminèl ki lakòz domaj fizik oswa lanmò yon fanmi oswa yon moun nan kay la akòz yon lòt fanmi oswa yon manm nan kay la. Yon manm fanmi oswa yon manm nan kay la gen ladan l mari oswa madanm, ansyen mari oswa madanm, moun ki gen rapò famiyal nan san oswa maryaj, moun k ap viv ansanm kounye a kòm fanmi oswa ki te abite ansanm anvan, kòm yon fanmi, ak moun ki gen pitit ansanm kèlkeswa yo te marye oswa non. A leksepsyon pou moun ki gen pitit ansanm, yo konsidere kòm fanmi moun ki ap viv nan menm kay oswa ki te abite nan menm kay.

### **Vyolans Domestik enkli:**

ABI FIZIK - Pouse, frape, kalòt, koutpwen, koutpye, toufe, ak bat

ABI EMOSYONÈL / VÈBAL - Entimidasyon vèbal, menas kredib, asèlman ak aji an kòlè

ABI OSWA VYOLANS SEKSYÈL - Nenpòt manyen fòse oswa fòse yon moun gen yon relasyon seksyèl kont volonte l

## **KI SA VYOLANS SEKSYÈL YE ?**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 784.046 Lwa Florid yo, vyolans seksyèl se yon ensidan nan

- Vyolans seksyèl, jan sa defini nan chapit 794 ;
- yon zak devègonde oswa yon zak degoutan, jan sa defini nan chapit 800, komèt sou oswa nan prezans yon moun ki poko gen 16 ane;
- twonpe oswa atire yon timoun, jan sa dekri nan chapit 787 la ;
- pèfòmans seksyèl yon timoun, jan sa dekri nan chapit 827 ; oswa
- nenpòt lòt krim deli kote yo komèt oswa tante komèt, selon si pwokirè eta a te depoze akizasyon kriminèl ki baze sou ensidan an, oswa anile l.

## **KI SA VYOLANS NAN FREKANSYON YE ?**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 784.046 nan Lwa Florid la, vyolans nan frekantasyon se vyolans ant moun ki gen oswa te gen yon relasyon kontinyèl e enpòtan jiska yon nivo womantik oswa entim. Egzistans yon relasyon konsa dwe detèmine sou baz konsiderasyon faktè sa yo :

- Yon relasyon ki gen si mwa pou pi piti
- Nati relasyon an dwe karakterize ak atant afeksyon oswa relasyon seksyèl ant de patnè yo ak
- Frekans la ak kalite entèraksyon ant moun ki enplike nan relasyon an dwe enkli moun yo te patisipe sou tan ak sou baz kontinyèl pandan dire relasyon an.

Tèm sa pa enkli vyolans nan ka kote se yon zanmitay aksidantèl oswa vyolans ant moun ki te sèlman angaje nan fraternizasyon òdinè nan yon biznis oswa kontèks sosyal.

### **KI SA VIOLANS REPETE YE ?**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 784.046 Lwa Florid yo, repetisyon vyolans vle di de ensidan vyolans oswa asèlman, youn nan yo pwodui nan lespas 6 mwa apati depozisyon yon petisyon epi yo dwe te dirije kont moun ki fè petisyon an oswa manm fanmi imedyà l.

### **KI SA ASÈLMAN YE?**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 784.048 Lwa Florid yo, asèlman fèt lè yon moun delibereman, mechamman, swiv, anmède yon lòt, oswa nwi l sou entènèt. Asèlman grav lè yon moun tounen yon menas pou yon lòt afòs li swiv li.

### **KI JAN LALWA KAPAB EDE M?**

Ou gen dwa pou mande Pwokirè Eta a pou depoze yon plent kriminel. Ou gen dwa pou ale nan tribinal ak depoze yon petisyon pou mande yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans domestik, vyolans repete, vyolans nan frekantasyon, vyolans seksyèl, oswa asèlman si w se

- viktim vyolans domestik, vyolans repete, vyolans nan maryaj, vyolans seksyèl, oswa asèlman;
- paran nenpòt timoun minè k ap viv nan kay k ap chèche yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans domestik, vyolans repete, vyolans nan frekantasyon, vyolans seksyèl, asèlman; oswa
- si w gen rezon valab pou w kwè, ou menm oswa pitit ou ki minè an danje akòz nenpòt zak vyolans domestik.

Sa ka enkli, men li pa bezwen limite dispozisyon sa

- Mande agresè a kite kay ou
- Anpeche agresè a gen nenpòt ki kontak oswa komèt lòt zak abi kòm kondisyon pou l “pa gen okenn kontak” pou liberasyon prevantiv, ki pral anpeche moun kap fè vyolans lan nan distans 500 pye rezidans ou, machin ou, lekòl, biznis, oswa kote w travay.
- Bay ou gade minè oswa timoun piti
- Dirije agresè a pou peye sipò pou ou ak pou pitit ou oswa timoun minè a si agresè a gen yon obligasyon legal pou l fè sa

Pou rezon sekirite, ou ka bay adrès ou nan tribinal la nan yon dosye konfidansyèl separe lè w depoze petisyon pou enjonksyon.

Ou pa oblije rete nan yon rezidans oswa nan kay kote w se yon viktim vyolans domestik. Adrès ou ka diferan parapò patnè w san okenn penalite.

Si w te yon viktim vyolans domestik, vyolans repete, vyolans nan maryaj, vyolans seksyèl, asèlman, oswa si w pè pou w pa blese, lwa sou vyolans domestik nan Florid pèmèt ou travay avèk sistèm tribinal la pou ede w rete an sekirite. Kontakte sant lokal ou a pou vyolans domestik ak planifikasyon sekirite anvan ou depoze demann pou yon enjonksyon. Grefye Tribinal la oblije ede w chèche toude enjonksyon pou pwoteksyon

ak ranfòsman pou vyolasyon yon enjonksyon.

Reprezantasyon yon avoka pa obligatwa pou youn nan pati yo dapre Seksyon 741.30 (1) (f) nan Lwa Eta Florid. Lè w ale nan Biwo Grefye Tribinal la nan tribinal jiridiksyon ou:

- Ou ta dwe pote idantifikasyon ak nenpòt papye ki gen rapò ak ka ou a.
- Ou ta dwe pote enfòmasyon sou kote moun kap fè vyolans lan, tankou foto l oswa pyès idantifikasyon li.
- Di grefye a ou enterese ranpli yon petisyon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans domestik, vyolans repete, vyolans nan frekantasyon, oswa vyolans seksyèl.
- Grefye tribinal la ap ede w ranpli dokiman apwopriye yo. Pa ranpli fòmilè sa yo, ou pral eksplike jij la ekzakteman ki kalite pwoteksyon w bezwen ak ki moun ou bezwen pwoteksyon.
- Apre ou fin ranpli dokiman yo, tribinal la ka detèmine si danje pou vyolans domestik egziste. Tribinal la ka kòmande yon enjonksyon tanporè, ki bon pou 15 jou. Lè sa a, se yon odisyon konplè ki pou fèt pou yo konsidere sekirite ou ak sekirite pitit ou yo.
- Agresè a dwe okouran de lòd la anvan li antre an aplikasyon. Manda a ap di moun kap fè vyolans lan sa jij la egzije epi ki lè pou li retounen nan tribinal pou yon odisyon. Odisyon sa a ap fèt nan 15 jou amwenske agresè a pa t resevwa manda a.
- Ou kapab mande notifikasyon nan sèvis enjonksyon an ak resevwa avi otomatik nan 12 èdtan apre yo fin siyen enjonksyon an.
- Li enpòtan pou w patisipe nan odisyon an pou w ka asire w jij la konprann egzakteman èd ou bezwen epi poukisa. Si w pa patisipe, an jeneral jij la ap anile manda a.
- Apre odisyon an, yo ka akòde yon enjonksyon final. Enjonksyon final la valab jiskaske tribinal la anile oswa amande l.

## **KI SA MWEN KA FÈ SI AGRESÈ A VYOLE ENJONKSYON AN?**

Ou pral resevwa yon kopi enjonksyon an. Kenbe li avèk ou toutan.

- Si agresè a vyole kondisyon yon enjonksyon, rele lapolis touswit.
- Yo ka arete agresè a.
- Si yo arete agresè a, li pral rete jouk tribinal la detèmine kosyon.
- Jij la ap konsidere sekirite ou ak sekirite pitit ou yo.
- Ou ka ale nan tribinal si ou vle.
- Tribinal la ka bay sanksyon selon lalwa.

Si yo te vyole enjonksyon an, rapòte vyolasyon an bay Grefye Tribinal Awondisman an sèlman si lapolis deklare li pa ka bay yon manda arestasyon, oswa bay yon avi paske pa gen okenn vyolasyon kriminèl. Rapòte vyolasyon an nan jiridiksyon kote vyolasyon an te rive ak ranpli yon afidavi pou sipòte vyolasyon an. Jij la ap detèmine ki aksyon yo ta dwe pran pou sekirite w ak

sekirite pitit ou yo. Selon dispozisyon Seksyon 741.315 (2) Lwa Florid yo, si w gen yon lòd tribinal ki pa nan eta a pou pwoteksyon kont vyolans domestik, lwa federal ak lwa eta a otorize lapolis rekonèt ak aji kòm si se te lòd yon tribinal nan Florid yo t ap ekzekite, depi tribinal la te bay akize a opòtinite pou defann tèt li anvan l emèt lòd la. Sa enkli lòd nan tribinal la ki soti nan Distri Columbia, tribi Endyen yo, teritwa Commonwealth yo, oswa teritwa Etazini okipe.

### **EGZONERASYON DE ENSPEKSYON PIBLIK**

Selon dispozisyon ki nan Seksyon 119.071 (2) (j) Lwa Florid yo, nenpòt enfòmasyon ki revele nimewo telefòn kay oswa travay, adrès kay oswa adrès travay, oswa byen pèsònèl yon moun ki te viktim agresyon seksyèl, abi grav sou timoun, abi, vyolasyon grav, asèlman, move kou, oswa vyolans domestik pa gen pou sibi enspeksyon ak egzamen piblik.

Ou dwe fè yon demann alekri epi founi prèv ofisyèl, tankou yon rapò lapolis bay kote ki kenbe dosye a yo ke gen yon krim ki te fèt. Enfòmasyon sa yo ap rete sekrè pou 5 ane, apre sa yo pral disponib pou piblik la.

### **Lalwa Marsy**

Atik I, Seksyon 16 nan Konstitisyon Florid la bay viktim krim yo dwa sa yo.

### **Ou gen:**

- Pou okouran de pwosè vèbal jijman an nan men tribinal yo epi yo dwe trete w ak jistis ak respè ak diyite.
- Ou pa dwe sibi entimidasyon, asèlman ak abi
- Pou jwenn pwoteksyon kont akize a tout pandan jijman an.
- Pou santi w alèz ak fanmi w nan ka akize a ta jwenn libète kondisyonèl pou pa gen kè sote.
- Pou prezan pou ka pale nan tout pwosedi piblik ki ta enplike yon libète kondisyonèl
- Pou anpeche divilgasyon enfòmasyon oswa dosye ki ta ka itilize pou jwenn ou, asele w oswa fanmi w ki ta ka divilge enfòmasyon konfidansyèl oswa privejye sou ou
- Fè rapid retounen nan pwopriyete w la lè pa bezwen ankò kòm prèv
- Pou anpeche divilgasyon enfòmasyon ak dokiman ki pèmèt yo lokalize w pou nwi w ak fanmi w oswa ki ta ka devwale sekrè w
- Pou jwenn reparasyon entegral e rapid nan chak ka ak pou chak delenkan ki kondane pou krim lan ak pou tout pèt li lakòz, swa dirèkteman swa endirèkteman, kòm rezilta nan kondwit kriminèl
- Dewoulman pwosè a pa gen pou pwan reta san rezon epi desizyon jij la dwe rapid e definitiv ni tout lò ki pwosedi ki ta vin asosye apre jijman (Nan ka ki apwopriye, pwokirè a ka depoze yon demann konfyans pou yon jijman rapid, sa ki pèmèt yo jije ka yo nan swasant jou depi yo respekte dwa akize a nan pwosesis la kòm sadwa, ak avansman dat jijman. Nan ka ki pa grav, tout apèl nivo eta a, ak pwosedi aprè

kondanasyon yo dwe ranpli nan lespas de (2) lane, ak ka entegral nan lespas senk (5) lane, sof si tribinal la rann yon òdonans ak konklizyon espesifik konsènan poukisa tribinal la te kapab fè sa nan sikonstans ki lakòz reta a.)

- Yo dwe enfòme sou dwa sa yo epi chèche konsèy avoka konsènan dwa sa yo

**Epitou, sou demann espesifik ou, ou gen dwa sa yo anplis:**

- Pou konnen nan yon tan rezonab, egzat, presi, epi pou prezan nan tout pwosedi piblik ki enplike konpòtman kriminèl ki gen ladan l, men ki pa limite ak jijman, pledwaye, santans, oswa desizyon, menm si w se yon temwen nan pwosedi a.
- Pou konnen nan yon tanrezonab, egzat, presi si akize a lage oswa sove, epi pou okouran de tout pwosedi ki enplike dwa w an tan ke viktim.
- Konsilte avèk pwokirè a konsènan nenpòt aranjman, pwoblèm restitasyon, patisipasyon nan tout divèsyon anvan jijman oswa pwogram liberasyon akize a, ak santansn oswa nenpòt lòt dispozisyon nan ka a.
- Pou founi enfòmasyon a tout anketè k ap mennen investigasyon sou konsènan enpak krim lan gen sou ou menm oswa sou fanmi w, epi pou gen tout enfòmasyon sa tribinal la retni. Yon fwa rapò a fin ranpli, ou gen dwa resevwa yon kopi li eksepte pati ki konfidansyèl selon lalwa.
- Pou yo enfòme w sou kondanasyon an, santans yo, desizyon an, oswa lòt dispozisyon yon moun ki kondane ak delenkan, dat li lage oswa dat li ta sove nan prizon.
- Pou yo enfòme w sou tout pwosesis ak pwosedi aprè kondanasyon, pou bay otorite ki ap libere l yo enfòmasyon yo dwe konsidere anvan nenpòt liberasyon epi pou yo avèti w sou nenpòt ki desizyon konsènan delenkan an. Dwa sa a se pou tout moun delenkan te fè mal.
- Pou yo ka enfòme w sou nenpòt pwosedi klemans oswa gras konsènan delenkan an, bay gouvènè a, tribinal la, nenpòt ki komisyon konsèy, ak lòt otorite nan pwosedi sa yo, enfòmasyon sou ka a, epi pou okouran de enfòmasyon yo retni anvan yo pran yon desizyon klemans oswa gras, e yo dwe fè w konnen desizyon otorite sa a anvan yo libere delenkan an

## KI MOUN MWEN DWE MANDE PLIS ENFÒMASYON?

Liy Dirèk Pou Vyolans Domestik Florid  
1-800-500-1119  
(Pou asistans legal peze bouton # 3)

Liy Telefòn Dirèk Eta Florid Pou Abi  
1-800-962-2873  
(Pou depoze rapò konfidansyèl kont abi sou timoun)

Liy Nasyonal Dirèk kont Abi sou Timoun  
1-800-422-4453  
(Liy asistans 24/24 ki bay konsèy sou kriz, enfòmasyon ak oryantasyon)

Liy Dirèk Nasyonal Sou Vyolans Domestik  
1-800-799-7233

Liy nasyonal dirèk sou abi kont adolesan  
1-866-331-9474

**Si w bezwen èd avèk konsèy pou kriz, defans nan tribinal oswa enfòmasyon sou sistèm jistis penal, tanpri rele yon konseye kote ki pi pre a:**

DEPATMAN SÈVIS POLIS BOCA RATON  
Defansè Viktim  
(561) 338-1317

ESPEYALIS KRIMALITE LAJENÈS  
(561) 338-1386

PALÈ JISTIS SOUTH COUNTY  
200 West Atlantic Avenue, Suite 120  
Delray Beach, Florida 33444  
(561) 274-1500

LIY DIRÈK SÈVIS VIKTIM  
(561) 833-7273  
\* Sèvis yo ofri gratis.

**Si w bezwen asistans ak abri, demenajman oswa konsèy, Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) te deziyen sant vyolans domestik sa yo kote w ka resevwa sèvis yo:**

ÈD POU VIKTIM VYOLANS DOMESTIK (AVDA)  
P.O. Box 6161  
Delray Beach, Florida 33447-0667  
(561) 265-2900  
LIY TELEFÒN DISPONIB 24/24

YWCA REFIJ NASYONAL KONT VYOLANS DOMESTIK  
FWAYE AMONI  
901 South Olive Avenue  
West Palm Beach, Florida 33401  
(561) 640-9844

LIY LÈ GEN KRIZ  
#211  
OWA  
1-866-882-2991  
LIY TELEFÒN DISPONIB 24/24



[BOCAPOLICE.COM](http://BOCAPOLICE.COM)